

SHARON R. BOCK

Sekretè & Ofisyè Finansyè
Konte Palm Beach

SITASYON POU JURE

Tribinal 15èm Sikwi Jidisyè

Yo site w pou sèvis jiri nan

Tribinal Konte Palm Beach la nan 205 North Dixie Highway, West Palm Beach, Fl. 33401

NON _____ JIRE # _____

Yo te chwazi non w pa aza nan lis non moun ki kalifye pou sèvi.

Sèvis jiri w ap kòmanse le _____ a 8:00 a.m. e lap kontinye jiskaske yo relache w de sèvis.

Yo pap relache w de sèvis jiri jiskaske (1) ou sèvi kòm jiri nan yon pwosè; (2) ou te parèt pou sèvis e yo pa te chwazi w kòm jure; ou (3) yo fè w konnen pa sèvis telefòn otomatik la ke sèvis ou pa nesesè ankò. Yo ka mete w sou telefòn standby pou tout yon semèn apati de dat sitasyon an

Souple rele (561) 355-2930 ou 888-780-5032 aprè 5:00 p.m. yon jou avan chak jou sèvis jiri a jiskaske yo relache w ou chwazi w kòm jire. Yon mesaj anrejistre ap di w si w dwe prezante. Si pa gen mesaj, e liy telefòn lan pa an sèvis e ou te konfime ke Tribinal la ouvè, tanpri souple prezante jan sitasyon an mande l la.

Si w pa konparèt jan yo di ya, yo ka ba w yon kontravansyon de \$100, jwen ke w manke tribinal la dega, epi mande w pou konparèt kanmèm.

Si w se yon moun andikape ki bezwen de nenpòt ki aranjanman pou w patisipe nan sèvis jiri, ou gen dwa gratis ti cheri a kèk asistans yo bay. Tanpri rele *American with Disabilities Act* ou (561) 355-4380 omwens twa (3) jou biwo ouvè avan w al nan sèvis jiri. Si w soud ou bèbè tanpri rele 1-800-955-8771.

DEMAND POU RANWAYE POU YON LOT JOU OU EKSKIZE DE SEVIS JIRI

NON _____ JIRE # _____

Jire yo ka ajoune defwa sèlman ki ansanm pa depase sis mwa apati de dat sitasyon an. Si w vle ajoune sèvis ou a, souple rele 561-355-2930 ou 888-780-5032 pou yon asistans otomatik. Ou dwe chwazi yon dat sitiye de Lendi à Jedi (anwetan Jou Konje Tribinal la). Ou ka detache epi poste kat postal pou demand ajounman an. Dat chwazi: _____

Ou pa ka sèvi si (souple tcheke e soumèt dokiman yo mande yo pa lapòs ou pa faks nan 561-355-6775):

- pa yon rezidan legal Konte Palm Beach la.
- pa yon sitwayen Ameriken.
- yo te kondane w e dwa sivil ou yo pa te retabli.
- kounye a la jistis ap pouswiv ou.

Ou ka chwazi pou w pa sèvi: (souple tcheke)

- 70 zan ou plis – ou ta renmen yo ekskize nèt ale WI NON
- Responsab pou swen yon moun ki gen maladi medikal ou mantal e ki pa kapab swaye li menm.
- Fanm ansent.
- Paran an pa travay anplentan men ap pran swen yon timoun mwens ke 6 zan.
- Ofisyè Polis ou pèsònèl envestigasyon polisye kap travay anplentan.
- site e repòte pou sèvis jiri nan Konte Palm Beach la nan espas yon (1) ane apati de dat yo te site w la.

Sou penalite fo temwayaj, mwen deklare ke m te li dokiman sila e deklarasyon ki ladan l yo se vre.

Siyati _____ Nimewo kontak _____

Chè Konsitwayen,

Konpliman deske yo chwazi w pou sèvis jiri nan Konte Palm Beach la.

Dwa pou nou gen dispit legal nou yo deside pa manm nan kominote a plase pami bon jan valè ki genyen nan Gouvènman sistèm Ameriken an. Prezèvasyon dwa sa ki garanti a nou tout pa Konstitisyon an, depann de patisipasyon volontè tout manm kalifye nan kominote a. Nan sans sa, patisipasyon w nesesè pou n ka kenbe djanm demokrasi Ameriken an.

Byen ke sèvi nan yon jiri ka yon travay fatigan non sèlman nan finans men tou nan tan ak enèji, sa kapab tou byen benefik. Lwa Eta Florid yo prevwa ke yo pa ka revoke w nan travay ou paske sèvis jiri a dire twòp. Chak moun gen dwa sèvi lè yo rele l.

Mwen espere wè w avan lontan, epi
Mèsi pou sèvis ou.

Lonè/respè

Kathleen J. Kroll
Jij anchèf, 15èm Sikwi Jidisyè.

POU NENPOT KI KESYON OU
KONSENN, TANPRI SONJE POU W
GENYEN NIMEWO JIRE W NAN MEN W
LE WAP KOMINIKE AK BIWO JIRI A.
KORESPONDANS PA EKRI YO, YO DWE
VOYE YO NAN BIWO JIRI A NAN
205 NORTH DIXIE HIGHWAY
WEST PALM BEACH, FL 33401-4604

KESYON YO MANDE SOUVAN POU SEVIS JIRI

Direksyon pou Konplèks Jidisyè Prensipal anba lavil West Palm Beach: I-95 ou Florida Turnpike a Okeechobee Boulevard. Ale Alès sou Okeechobee Boulevard jiska Tamarind Avenue, ale Nò Sou Tamarind Avenue jiska Banyan Boulevard. Ale Alès sou Banyan Boulevard pase kafou Rosemary a Garaj Sant Jidisyè a sou bò kote Nò a. Tribinal la antravè nan lari a (kwen nòdès Quadrille ak Banyan).

Parking

Jire yo dwe pake nan espas dèyè Convention Center nan Palm Beach la. Convention Center a sitiye nan 650 Okeechobee Blvd., nan kote Sid nan ri ki anfas City Place la. Pakin yo gratis pou jire yo, epi tou yo bay transpòtasyon de pòt an pòt. Mache ak sitasyon jiri w la. (Pou kondwi vini nan Convention Center a, Pran I-95 oubyen Turnpike jiska Okeechobee Blv., epi kontinye a Lès sou Okeechobee a.

Transpòtasyon Piblik: Tri-Rail disponib aleritou pou anba lavil West Palm Beach avèk transpòtasyon Otobis Palm Tran (rout# 50) kap mennen w nan Tribinal la. Pou enfòmasyon pou orè adisyonèl yo pou Tri-Rail ou Palm Tran nan zòn ou an rele Tri-Rail 1-800-874-7245 ou Palm Tran 841-4287 ou (877) 930-4287 (nimewo manch long gratis). Yo pap ranbouse w tikè Tri-Rail ak Palm Tran.

Abiman: Tanpri abiye ak rad pwofesyonèl apwopriye. Vini ak yon vès ou yon chanday akòz varyasyon Tanperati nan bilding lan.

Manje: kafeterya/ Bar pou snak wap jwen sa andedan Tribinal la. Anpil lòt ti restoran ou ka mache apye pou ale ladan yo. Gen kote andedan chanm Jiri a pou moun ki vini ak dejene yo. Gen yon frijidè ak yon microwave ki disponib nan sal kote jire yo chita ap tan yo.

Enfòmasyon varye: Biwo jiri a gen yon seleksyon materyèl pou li ak pwogram video.

Tradiksyon Espanyòl, Franse ak Kreyòl: Tradiksyon Espanyòl, Franse ak Kreyòl sou konvokasyon pou sèvi kòm jire epi kat sa Disponib nan sit entènèt sekretè ak kontwolè finansyè tribinal la nan adrès www.pbccountyclerk.com. Ou ka al pran yon kopi nan Biwo pou jire yo.